



Pou Piblikasyon Imedya: 31/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO EGZIJE POLITIK KI ESTANTADA SOU MOVÈZ KONDWIT  
LAPOLIS ATRAVÈ AMERIK**

*Se ajans endepandan ekstèn yo ki ta dwe reyalize ankèt sou movèz kondwit  
lapolis yo - se pa pwokirè lokal yo*

*Gouvènman federal la ta dwe kreye yon sèl definisyon konsènan fòs eksestif*

*Yo ta dwe pibliye dosye ofisyèl lapolis yo akize pou movèz kondwit yo*

*Li mande pwokirè jeneral James pou revize tout aksyon ak pwosedi yo te itilize  
pandan manifestasyon yèswa yo nan ankèt ki ankou li a*

Gouvènè Andre M. Cuomo te egzije jodi a politik ki estantada sou movèz kondwit lapolis atravè Amerik. Gouvènè a te di gouvènman federal ak eta yo ta dwe vote lwa ki egzije ke se ajans endepandan ekstèn - pa pwokirè lokal yo - ki reyalize ankèt sou movèz kondwit lapolis yo. Li mande gouvènman federal la pou li defini fòs eksestif pa ofisyèl lapolis nan yon sèl estanda nan tout nasyon an. Gouvènè a te fè pwomosyon tou pou piblikasyon dosye disiplinè ofisyèl ke yo akize pou movèz kondwit yo. Li te di tou ke tout lekòl piblik yo ta dwe bay menm nivo finansman an pou chak timoun dekwa pou pa gen de (2) sistèm edikasyon - youn pou rich yo ak youn pou pòv yo.

"Vrè kesyon an se rasis kontini nan peyi sa a epi li kwonik ak andemik epi li enstitisyonèl epi li pale ak yon ipokrizi kolektif", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou trè bon nan peyi sa a nan di lòt moun yo fason yo ta dwe viv lavi yo ak fason yo ta dwe aji, men nou toujou ap fè diskriminasyon sou baz koulè po. Sa se verite senp, douloure a - men se yon moman pou verite. Defi nou an jodi a se itilize moman sa a, itilize enèji sa a yon fason konstruktif ak mande chanjman pozitif reyèl yo. Epi eksprime ki chanjman ke nou vle a. George Floyd pa dwe mouri anven. Lanmò Mesye Floyd dwe yon moman kote nasyon sa a te aprann ak grandi ak pwogrese reyèlman pou fè peyi sa a yon pi bon peyi."

Gouvènè a te mande tou Pwokirè Jeneral Letitia James pou li ajoute manifestasyon yèswa yo ak manifestasyon ki ankou yo nan revizyon li a sou tout aksyon ak pwosedi ki itilize pandan manifestasyon resan yo.

Sou demann ofisyèl yo, Gouvènè a te deplwaye ofisyèl Lapolis Eta a anplis nan Buffalo, Rochester, Syracuse ak Albany davans pa rapò ak manifestasyon ki planifye nan vil sa yo. Lapolis Eta a ap prepare pou ede nenpòt lòt minisipalite ki nan bezwen yo epi Gad Nasyonal la sou an rezèv.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)